Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Timur

Buku Siswa

Tantri Basa

Adhedhasar Pergub Jatim No. 19 Taun 2014
Muatan Lokal Bahasa Daerah
Provinsi Jawa Timur
Lan KTSP 2013

Tim Panyusun
Dra. Sri Astuti
Drs. Sunardi
Rahmat Santosa, S.Pd.M.M.
Dra. Rini Murwati

Editor/Penyelia :
Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.
Drs. Bambang Purnomo, M.S.
Drs Sukarman, M.Si.

Kelas
1

Tantri Basa
Hak Cipta © 2016

Tim Penyusun:
Dra. Sri Astuti
Drs. Sunardi
Rahmat Santosa, S.Pd, M.M.
Dra. Rini Murwati

Editor/Penyelia : Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.
Drs. Bambang Purnomo, M.S.
Drs. Sukarman M.Si.

Desain/Lay Out : Latif Nur Hasan, S.Pd, M.Pd
Desain/Lay Out cover : Rahmat Santosa, S.Pd. M.M.
Penerbit : Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur
Isi : xii, 132 hal

ISBN 978-602-404-016-1 (no.jil.lengkap)
ISBN 978-602-404-017-8 (jil. 1)

KATA PENGANTAR

KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA TIMUR

Alhamdulillah buku "**Tantri Basa**" sudah selesai disusun dan diterbitkan. Buku ini disusun dengan berpedoman pada Peraturan Gubernur No. 19 Tahun 2014 tentang Mata Pelajaran Bahasa Daerah sebagai Muatan Lokal Wajib di Sekolah/Madrasah. Pergub tersebut memberikan pegangan hukum yang kuat bagi guru-guru untuk melaksanakan dengan sungguh-sungguh pembelajaran Bahasa Daerah. Sebagai tindak lanjut, buku ini disusun untuk menyelesaikan masalah ketiadaan buku ajar seiring dengan terbitnya Pergub dan diharapkan dapat diterima dan digunakan dalam pembelajaran di sekolah/madarasah di wilayah Jawa Timur.

Terima kasih disampaikan kepada tim penyusun yang telah dengan kesungguhan menyelesaikan buku ini. Kerja sama Tim Eksternal sebagai penyusun bersama-sama dengan Tim Internal Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur telah mampu menghasilkan karya yang bermanfaat bagi pembentukkan budi pekerti dan karakter generasi muda lewat jalur pendidikan formal di sekolah/madarasah.

Kesempurnaan buku ini adalah tujuan dari penyusun dan pengguna buku ini. Akan tetapi, buku ini masih memiliki kekurangan. Karena itu, kritik, saran, dan masukan dari berbagai pihak yang peduli terhadap pelestarian, pengembangan, dan pemertahanan Bahasa Daerah sebagai salah satu budaya bangsa ini sangat diharapkan. Insya Allah pada kesempatan lain buku ini akan disempurnakan dengan mengakomodasi masukan dari berbagai pihak.

Surabaya, Agustus 2016
Kepala Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Timur,

PEMERINTAH PROVINSI JAWA - TIMUR DINAS PENDIDIKAN

Dr. Saiful Rachman, MM.,MPd
Pembina Utama Madya
NIP. 19590503 198503 1 018

Atur Sapala

Isinipun buku ***"Tantri Basa"*** punika sampun katitipriksa dening para ahli Basa Jawi saking *Universitas Negeri Surabaya (Unesa).* Dene panyerating buku sampun dipunadani dening para sutresna sarta alumnus Universitas Negeri Surabaya (Unesa). Isi umumipun sampun katiti priksa dening **Drs. Sukarman, M. Si.** (*Ketua Tim Penyusun Kurikulum Bahasa Daerah Kantor Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Provinsi Jawa Timur lan Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni (FBS), Universitas Negeri Surabaya*). Wondene babagan Kebahasaan (Linguistik), Sastra, lan Metodologi Pembelajaran sampun dipuntitipriksa dening **Dra. Sri Sulistiani, M. Pd.** (*Ketua Jurusan, Dosen Bahasa, Sastra, dan Metodologi Pengajaran* saking *Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni FBS, Universitas Negeri Surabaya - Unesa)*.

Kanthi asil paniti priksa kasebat dipunajab sageda buku ***"Tantri Basa"*** punika murakabi kangge srana sinau Basa Jawi tumrapipun para siswa. Kejawi punika, ingajaban ugi sageda mbiyantu para kadang dwija anggenipun memucal saha nggulawenthah siswa-siswinipun ing jagading piwucalan Basa Jawi.

Laras kaliyan owah-gingsiripun kurikulum pendhidhikan, buku punika sampun kacundhukaken kaliyan ***Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan Mulok Bahasa Daerah 2013***. Asil paniti priksa nedhahaken bilih isinipun buku punika sampun laras kaliyan kurikulum enggal ingkang dipunginakaken ing sekolah-sekolah wekdal samangke. Isinipun buku punika kabiji sampun dipun serat kanthi lelandhesan Standar Kompetensi Lulusan (SKL), Kompetensi Inti (KI) lan Kompetensi Dasar (KD), sarta ngginakaken paugeran ingkang sampun dipunrantam dening *Badan Standar Nasional Pendidikan (BSNP)*.

Mugi-mugi wontenipun buku punika saged mbiyantu para siswa, kadang dwija, lan sutresna Basa Jawi, anggenipun marsudi basa, sastra, lan kabudayan Jawi. Tundhanipun sageda basa, sastra, lan kabudayan Jawi ngrembaka lan lestari.

Surabaya, Agustus 2016
Paniti Priksa
Drs. Sukarman, M. Si./
Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.

(Ketua dan Wakil Ketua Tim Penyusun
Kurikulum Mulok Bahasa Daerah
Kanwil Dinas Pendidikan dan Kebudayaan
Provinsi Jawa Timur 2014

Atur Pangiring

Puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Gusti Ingkang Maha Kuwaos awit kanthi berkahipun panyerat sampun saged nyekapaken panganggiting buku Basa Jawi ***"Tantri Basa"*** kangge para siswa Sekolah Dasar (SD) / Madrasah Tsanawiyah (MI). Perlu kawuninganan, wiwit taun pelajaran 2014/2015, piwucalan Basa Jawi SD/MI sampun ngginakaken kurikulum enggal inggih punika *KTSP Mulok Bahasa Daerah 2013*. Alelandhesan Peraturan Gubernur No. 19 Tahun 2014 ***"Mata Pelajaran Bahasa Daerah Sebagai Muatan Lokal Wajib di Sekolah/ Madrasah"*** kanthi alokasi wekdal 2 (kalih) jam pelajaran saben minggunipun. Kangge njangkepi sarana piwucalan Basa Jawi wonten SD/MI wau, panyerat nganggit buku ajar Basa Jawi ***"Tantri Basa"*** punika.

Buku ***"Tantri Basa"*** kasiyapaken kangge nyengkuyung kawicaksanan KTSP 2013. Bab punika laras kaliyan Peraturan Menteri Pendidikan No. 64 Tahun 2013, ingkang ngrembag bab *Standar Kompetensi Lulusan (SKL),* ingkang paring amanat bilih Buku Teks Pelajaran kedah ngginakaken acuan *Standar Kompetensi Lulusan (SKL)* lan *Kompetensi Inti (KI)* lan sarta alelandhesan paugeran ingkang sampun dipunsusun dening *Badan Standar Nasional Pendidikan (BSNP)*. Wondene *Permendikbud No. 71, Tahun 2013, ingkang ngrembag Buku Teks Pelajaran* lan *Buku Panduan Guru Untuk Pendidikan Dasar Dan Menengah,* ugi paring amanat bilih Buku Teks Pelajaran ingkang dipun-ginakaken ing pawiyatan-pawiyatan kedah sampun kasusun adhedhasar KTSP Mulok Bahasa Daerah Tahun 2013.

Ewah-ewahan tumrap buku teks kedah karancang lan kasusun kanthi lelandhesan (*berbasis*) teks. Wonten ngriki, teks kawawas minangka perangan basa ingkang nggadhahi makna kontekstual. Lumantar buku punika, siswa kaajab saged ngasilaken lan ngginakaken teks laras kaliyan *tujuan* lan *fungsi* sosialipun. Salebetipun piwucalan basa Jawi ingkang alelandhesan teks, pasinaon boten namung sesambetan kaliyan piwucaling teori lan konsep, ananging teks ugi migunani minangka sumber *aktualisasi dhiri* tumrap soksintena ingkang migunakaken bab wau, ing salebeting *konteks sosial budaya akademis*.

Wontenipun buku ***"Tantri Basa"*** punika, dipunajab sageda mbiyantu para siswa SD/MI anggenipun ngleluri dalah marsudi Basa Jawi. Kejawi punika, sageda adamel gampil lan lancaripun para kadang dwija anggenipun memucal dalah nggulawenthah para siswa-siswinipun salebeting piwucalan Basa Jawi.

Perlu kawuninganan, kajawi alelandhesan teks, pangrakiting buku punika ugi ngginakaken *Pendekatan Saintific*. Piwucalan alelandhesan teks, mawi pandom ngrembakakaken babagan (1) Piwucalan basa kawawas saking teks, boten namung kasusun kanthi munjeraken paramasastra utawi *ketatabahasaan* kemawon. (2) Piwucalan lelandhesan teks minangka proses pamilihing basa ingkang ngandharaken makna. (3) Piwucalan basa lelandhesan teks asipat

fungsional ingkang ateges boten saged uwal saking *konteks* ingkang mbabaraken maneka warnining *ide, karakter, nilai*, sarta ugi *idiologi* panuturipun, (4) Piwucalan basa lelandhesan teks ugi minangka sarana kangge mangun kawasisan olah pikir tumrap para siswa.

Jinising teks ingkang kaandharaken wonten ing buku punika arupi teks dheskripsi, palapuran, narasi/carita, eksposisi, eksplanasi, lan sapiturutipun. Wondene *pendekatan Saintific* ingkang kababar ing buku punika mawi *proses* ingkang sesambetan kaliyan tumindak: *Mengamati (Observing), Menanya (Questioning), Mencoba (Experimenting), Menalar (Associating), Mengkomunikasikan (Comunicating),* lan *Membentuk Jejaring (Networking).* Wondene aspek panggulawenthahing patrap ingkang dados punjering piwucalan, inggih punika kanthi nengenaken aspek *Sikap Religius, Sikap Sosial, Kognitif, lan Psikomotorik*.

Pambabaripun buku ***"Tantri Basa"*** kajawi ngandharaken *materi*, ugi sinartan *gladhen (latiyan)* kalarasaken kaliyan *Kompetensi Dasar* lan *Indikator* ingkang sampun sinerat wonten salabeting silabus. Awit saking punika, dipunajab supados saged nyekapi kangge pangukuring *kompetensi* minimal, ingkang kedah dipunkuwaosi dening para siswa. Pambabaripun buku ingkang alelandhesan teks punika, kalampahan kanthi cak-cakan: *(1) Tahap Pembangunan Konteks, (2) Tahap Pemodelan Teks, (3) Tahap Pembuatan Teks Bersama-sama,* lan *(4) Tahap Pembuatan Teks Secara Mandiri*. Kejawi materi lan gladhen, buku punika ugi dipunjangkepi "bausastra" lan "pepeling" ingkang ngandharaken teges sarta pangenget-enget dateng konsep-konsep inti, ing saben wulangan utawi bab. Kanthi mekaten perangan punika dipunajab sageda njangkepi pangrembagipun materi piwucalan, kejawi ugi kangge nambah wawasanipun para siswa.

Panyerat sampun mbudidaya murih buku punika saged sampurna, ewa semanten minangka manungsa limrah sarta awit saking winates saha cupeting kawruhipun panyerat, seseratan salebeting buku punika taksih kathah kekiranganipun. Pramila panyaruwe saking pamaos tansah kaantu-antu amrih kangge damel saenipun buku punika. Wusananing atur, mugi-mugi Gusti Ingkang Murbeng Dumadi tansah njangkung lan nyengkuyung pangetrapanipun buku punika tumrap majeng lan lestarinipun piwucalan Basa Jawi. Nuwun.

Surabaya, Agustus 2016

Panyerat

Dhaftar isi

Sampul ngarep i

Sampul njero ii

Idhentitas iii

Kata Pengantar iv

Atur Sapala v

Atur Pangiring vi

Dhaftar Isi viii

Wulangan 1 : Aku **1**

Mbabar Wawasan 2

Pasinaon 1..... 3

Modhel Teks Pinilih 4

Gladhen 1 9

Gladhen 2 10

Gladhen 3 11

Pasinaon 2 Ayo Makarya Bebarengan 15

Gladhen1 16

Gladhen 2 19

Gladhen 3 20

Pasinaon 3 Ayo Makarya Mandhiri 20

Gladhen 1 21
Gladhen 2 23
Gladhen Wulangan 1 25

Wulangan 2 : Kasenenganku **27**
Mbabar Wawasan 28
Pasinaon 1..... 29
Modhel Teks Pinilih 30
Gladhen 1 31
Gladhen 2 32
Gladhen 3 37
Pasinaon 2 Ayo Makarya Bebarengan 39
Gladhen1 40
Gladhen 2 43
Pasinaon 3 Ayo Makarya Mandhiri 45
Gladhen 1 46
Gladhen 2 48
Gladhen 3 48
Gladhen Wulangan 2 50

Wulangan 3 : Kegiatanku **51**
Mbabar Wawasan 52
Pasinaon 1..... 53
Modhel Teks Pinilih 53

Gladhen 1 55
Gladhen 2 56
Gladhen 3 57
Pasinaon 2 Ayo Makarya Bebarengan 59
Gladhen1 60
Gladhen 2 63
Pasinaon 3 Ayo Makarya Mandhiri 64
Gladhen 1 65
Gladhen 2 66
Gladhen Wulangan 3 67

Wulangan 4 : Kulawargaku 69
Mbabar Wawasan 70
Pasinaon 1..... 71
Modhel Teks Pinilih 72
Gladhen 1 73
Gladhen 2 74
Gladhen 3 75
Pasinaon 2 Ayo Makarya Bebarengan 76
Gladhen1 77
Gladhen 2 78
Pasinaon 3 Ayo Makarya Mandhiri 78
Gladhen 1 79

Gladhen 2 79
Gladhen Wulangan 4 81

Wulangan 5 : Pengalaman 82
Mbabar Wawasan 83
Pasinaon 1..... 84
Modhel Teks Pinilih 84
Gladhen 1 87
Gladhen 2 88
Pasinaon 2 Ayo Makarya Bebarengan 89
Gladhen 1 90
Gladhen 2 92
Pasinaon 3 Ayo Makarya Mandhiri 95
Gladhen 1 95
Gladhen 1 96
Gladhen Wulangan 5 98

Wulangan 6 : Lingkungan Resik, Sehat lan Asri 102
Mbabar Wawasan 104
Pasinaon 1..... 105
Modhel Teks Pinilih 105
Gladhen 1 107

Gladhen 2 107
Gladhen 3 108
Gladhen 4 109
Pasinaon 2 Ayo Makarya Bebarengan 110
Gladhen1 108
Gladhen 2 112
Gladhen 3 113
Gladhen 4 114
Pasinaon 3 Ayo Makarya Mandhiri 115
Gladhen 1 115
Gladhen 2 116
Gladhen Wulangan 6 117

Wulangan 7 : Sato Iwen lan Karang Kitri 119

Mbabar Wawasan 120
Pasinaon 1..... 122
Modhel Teks Pinilih 122
Gladhen 1 123
Gladhen 2 124
Pasinaon 2 Ayo Makarya Bebarengan 124
Gladhen 1 124
Gladhen 2 126

Pasinaon 3 Ayo Makarya Mandhiri 127
Gladhen 1 128
Gladhen Wulangan 7 129
Dhaftar Pustaka 132

WULANGAN 1

AKU

Kompetensi Dasar:

3.1	Mendengarkan, memahami, dan mengidentifikasi bunyi bahasa daerah yang didengar dengan tepat.
4.1	Melafalkan bunyi bahasa daerah yang didengar dengan tepat.

Indikator:

3.1.1	Mencocokkan gambar sesuai dengan bunyi yang didengar.
3.1.2	Mengidentifikasi bunyi bahasa dari teks kalimat yang didengar.
4.1.1	Menirukan bunyi bahasa dari teks kalimat yang didengar
4.1.2	Mengucapkan bunyi bahasa daerah yang didengar dengan lafal yang tepat.
4.1.3	Mengeja kata yang didengar.

Mbabar Wawasan

Waspadakna gambar ing ngisor iki!

Pira cacahe bocah ing gambar?

Apa sing ditindakake bocah-bocah ing gambar dhuwur?

Apa bocah-bocah uga tau omong-omongan kaya gambar ing dhuwur?

Pasinaon 1

Pasinaon iki ngrembug bab kenalan karo kanca, bab perangane awak, uga gunane perangane awak. Bocah-bocah bakal sinau kanthi bimbingane Ibu utawa Bapak Guru. Gambar-gambar sing cumepak bisa mbantu bocah-bocah supaya luwih gampang olehe sinau.

Saben bocah bisa maragakake carane kenalan, maragakake perangane awake dhewe-dhewe, lan nerangake gunane perangan awak. Kanthi mangkono ateges wis klakon anane pembelajaran kontekstual. Ibu utawa Bapak Guru bakal paring arahan kepriye

carane supaya bocah-bocah dadi luwih gampang olehe mangerteni pasinaon iki.

Modhel Teks Pinilih

Ayo kenalan



Jenengku Rini.

Aku kelas siji.

Kancaku akeh.

Ana sing jenenge Siti, Kunthi, lan Surti.

Ana uga sing jenenge Dimas, Deni, lan Agung.

Apa kancamu ing sekolahan uga akeh?

Sapa jenenge?

Ayo kenalan karo kanca-kancamu.

Delengen gambar ing dhuwur!

Tirokna carane kenalan ing ngarep kelas kaya tuladha!

Majua siji-siji menyang ngarep kelas, banjur kenalna jenengmu marang kanca-kancamu!

Jenengku:

Alamat omahku:

Asmane ibuku:

Asmane bapakku:

Tirokna carane maos gurumu!

Setitekna gambar ing ngisor iki, rungokna anggone maos gurumu, banjur tirokna!



Semaken tembang ing ngisor iki!

Ibu utawa Bapak Guru bakal nembang bab perangane awak.

Titi larase padha karo tembang “Kucingku Telu”.

Semaken banjur tirokna!

Mripatku loro,
Irungku mung siji,
Rambut ing sirah,
Modhel potong poni.

Kupingku loro,
Tutukku mung siji,
Mbangir irungku,
Mambu ganda wangi.

Garapan omah:

Ngrakita tembang kaya tuladha ing dhuwur bebarengan karo Ibu lan Bapak ana omah.

Apalna, banjur tembangna ing ngarep kelas!

Gladhen 1: Nyocogake gambar

Wenehana tandha panah saka tembung menyang gambar sing cocog kaya tuladha. Rungokna dhawuhe Ibu utawa Bapak Guru!

kuping

irung

pipi

gulu

rambut





Gladhen 2: Ngrungokake pangucapan

Ing ngisor iki gambar apa?

Coba rungokna carane maos Ibu utawa Bapak Gurumu!

 sikil	 gulu	 untu
 tangan	mripat	 dhengkul
rambut	alis	 pipi
kuping	 cangkem	irung

Gladhen 3: Aran lan gunane perangan awak

Gladhen 3 isine bab aran lan gunane perangane awak. Bocah-bocah bakal sinau kanthi bimbingan saka Ibu utawa Bapak Guru. Bocah-bocah didhawuhi supaya mraktekake gunane perangan awak.

Gambar isih dibutuhake kanggo nyinaoni bab iki. Mula Ibu utawa Bapak Guru bakal ndhawuhi kepriye carane nggunakake gambar kanggo sinau.

Rini lagi sinau.

Sinau nulis ing buku.

Rini nulis nganggo potelot.

Nyekel potelot kudu bener.

Potelot dicekel nganggo tangan.

Tangan akeh gunane.

Gunane tangan kanggo nulis, nyapu, nyekel buku, uga salaman.

Perangan awak liyane uga akeh gunane.

Semaken gambar ing ngisor iki, banjur terangna gunane!



gunane kanggo:



gunane kanggo:

gunane kanggo:



gunane kanggo:

gunane kanggo:

Pasinaon 2:

Ayo Makarya Bebarengan

Semaken gambar ing ngisor iki, banjur tirokna carane maos Gurumu!

Rini duwe adhik **siji.**

Jenenge Bima.

Umure **patang** taun.

Bima sekolah TK.

Rini karo Bima pancen rukun.

Bocah loro ora tau tukaran.

Saben dina Rini karo Bima dolanan bareng.

Dolanane ora pareng dirusak.

Rampung dolanan omah kudu diresiki.

Dolanane disimpen maneh ing panggone.

Tujuane supaya gampang yen arep nggoleki maneh.

Gladhen 1 : Nyocogake gambar

Dolanane Rini karo Bima akeh lan maneka warna.

Ayo rewangana Rini karo Bima ngitung cacahe dolanane, banjur cocogna karo angka ing sisih tengene!

3

2

4

1

Semaken tembang ing ngisor iki!

Wacanen tembang ing ngisor iki bebarengan. Ibu utawa Bapak Guru bakal maringi tuladha carane nembangake. Titi larase padha karo tembang “Kodhok Ngorek”. Yen wis padha ngerti, banjur tembangna bebarengan karo kanca saklompokmu!

Ayo Sinau

Ayo kanca, ayo kanca
Ayo dha sinau
Itung-itung, nulis maca
Nurut marang guru
Siji loro telu papat
Lima enem pitu
Ayo kanca padha giat
Olehe sinau

Apa isine tembang ing dhuwur?

Coba critakna!

Yen ora ngerti, nyuwuna pirsa Ibu utawa Bapak Gurumu!

Gladhen 2: Nirokake pangucapane tembung

Tirokna bebarengan pangucape tembung ing ngisor iki!

1.	tangan	8.	rambut
2.	sikil	9.	pipi
3.	mata	10.	dhengkul
4.	lambe	11.	cangkem
5.	irung	12.	alis
6.	kuping	13.	bathuk
7.	untu	14.	gulu

Gladhen 3: Nirokake pangucape ukara

Tirokna bebarengan pangucape ukara ing ngisor iki!

1. Rini kelas siji.
2. Dimas lagi dolanan.
3. Bu Dewi ibune Rini.
4. Pak Wibawa sare.
5. Tuku buku siji.

Pasinaon 3:
Ayo Makarya Mandhiri

Ing pasinaon 3 iki bocah-bocah bakal sinau kanthi mandhiri bab carane ngucapake tembung-tembung sing dirungokake.

Gladhen 1: Nirokake pangucap

Ayo nirokake pangucap sing bener!

Semaken tuladha sing diparingi Ibu utawa Bapak Guru!

	r i n i

	b u k u
	p o t e l o t
	t a s
	b a l

Gladhen 2: Pangucap

Semaken gambar ing sisih kiwa, banjur wacanen tulisan ing sisih tengene kanthi pangucap sing bener!

Bima adus.

Bu Dewi maos koran.

Bima tangi turu.

Rini karo Bima nandur kembang.

GLADHEN WULANGAN 1

A. Cocogna katrangan ing sisih kiwa karo gambar ing sisih tengen kanthi menehi tandha panah!

tanganku

sikilku



drijiku

irungku

B. Tirokna pangucape!

1. Ayo sinau.
2. Iki bukuku.
3. Dimas ana kene.
4. Sepatuku werna biru.
5. Siti duwe sepedhah.

WULANGAN 2

KASENENGANKU

Kompetensi Dasar:

3.2	Mendengarkan, memahami, dan mengidentifikasi huruf lepas untuk menulis kata dan kalimat sederhana sesuai kaidah.
4.2	Menebalkan dan menyalin huruf lepas pada kata atau kalimat sederhana sesuai kaidah.

Indikator:

3.2.1	Mengidentifikasi huruf lepas untuk menulis kata
3.2.2	Mengidentifikasi kata untuk menulis kalimat.
4.2.1	Menebalkan huruf lepas pada sebuah kata
4.2.2	Menyalin sebuah kata dengan huruf lepas
4.2.3	Menebalkan huruf lepas pada sebuah kalimat sederhana
4.2.4	Menyalin kalimat sederhana dengan huruf lepas

Mbabar Wawasan

Semaken gambar ing ngisor iki!

Apa sing koktindakake nalika wayah ngaso?

Sapa sing senengane bal-balan?

Sapa sing seneng maca buku perpustakaan?

Apa ana sing senengane dolanan dhakon, seprengan, utawa dolanan liyane?

Coba critakna apa sing biasane koklakoni karo kanca-kancamu saben wayahe ngaso!

Critakna ana ngarep kelas gentenan karo kancamu!

Pasinaon 1:

Pasinaon iki bakal ngrembug carane nulis tembung saka aksara kang wis cumepak. Yen wis prigel bakal diterusake sinau carane nulis ukara saka tembung-tembung kang wis karakit mau. Bocah-bocah bakal sinau kanthi bimbingane Ibu utawa Bapak Guru. Gambar-gambar sing cumepak bisa mbiyantu bocah-bocah supaya luwih gampang olehe sinau.

Ibu utawa Bapak Guru bakal paring arahan kepriye carane supaya bocah-bocah dadi luwih gampang olehe mangerteni pasinaon iki.

Modhel Teks Pinilih

Setitekna gambar ing ngisor iki! rungokna anggone maos gurumu, banjur tirokna!

Saiki dina selasa.

Bocah kelas siji wayahe olah raga.

Dimas karo kanca-kancane padha bal-balan.

Dimas pancen seneng bal-balan.

Saliyane bal-balan ana ing sekolahan, Dimas uga melu sekolah bal-balan.

Olehe latihan sengkut banget.

Mbesok yen wis gedhe, Dimas kepengin dadi pemain nasional sing kondhang.

Gladhen 1: Gawe ukara pitakon

Gawea ukara pitakon sing ana gandhenge karo wacan ing dhuwur!

Yen durung bisa, nyuwuna pirsa Ibu utawa Bapak Gurumu!

Tuladha:

Sapa sing senengane bal-balan?

ukara pitakonku:

.....

.....

Gladhen 2: Ngidhentifikasi aksara kanggo nulis tembung

Semaken banjur wacanen kaya tuladhane Ibu utawa Bapak Guru!





s-e-n-a-m
senam

m-l-a-y-u
mlayu


m-l-u-m-p-a-t
mlumpat

k-a-y-a-n-g
kayang

p-o-l-i
poli

e-g-r-a-n-g
egrang

Tatanen aksara ing ngisor iki dadi jenenge olahraga.

Semaken tuladhane Ibu utawa Bapak Guru!

m e s n a

.....

a d h n k o

.....

a b l n a l b a

.....

a e s k k

.....

Gladhen 3: Ngidhentifikasi tembung kanggo nulis ukara

Semaken tuladha ing ngisor iki, banjur garapen!

siti nulis	siti nulis siti - nulis si-ti – nu-lis s-i-t-i – n-u-l-i-s si-ti – nu-lis siti - nulis siti nulis
	....

dimas sinau	....
nata buku	....

Garapan omah:

Ngrakita aksara kaya tuladha ing dhuwur bebarengan karo Ibu lan Bapak ana omah!

Pasinaon 2: Ayo Makarya Bebarengan

Semaken tembang ing ngisor iki!

Ibu utawa Bapak Guru bakal maringi tuladha carane nembangake. Yen wis padha ngerti, banjur tembangna bebarengan karo kanca saklompokmu!

Cublak-cublak suweng
Suwenge ting gelenter
Mambu kepundhung gudel
Pak empa lirak lirik
Sapa ngguyu ndhelikake
Sir sir pong dhele gosong
Sir sir pong dhele gosong

Tembang ing dhuwur kanggo ngiringi dolanan apa?

Apa bocah-bocah bisa? Coba critakna kepriye carane dolanan cublak-cublak suweng!

Yen durung ngerti, nyuwuna pirsa Ibu utawa Bapak Gurumu!

Gladhen 1: Ngurutake aksara



Ayo nulis aksara.

Bebarengan karo kanca.

Aja wedi lan isin.

Supaya dadi bocah pinter.

Pinter nulis lan maca.

Tembangna bebarengan karo kancamu!

a b c d e f g

h i j k l m n

o p q r s t u

v w x y z

Saiki bocah-bocah wis kenal aksara.

Ayo dolanan bebarengan karo kanca.

Nata lan ngurutake aksara ing ngisor iki!









Sumber: buku tematik kelas 1

Gladhen 2: Carane lungguh lan nyekel potelot

Sadurunge nulis ana bab sing kudu digatekake, yaiku carane lungguh lan carane nyekel potelot. Semaken gambar ing ngisor iki!



carane lungguh salah



carane lungguh bener



carane nyekel salah



carane nyekel bener

Paragakna carane lungguh lan carane nyekel potelot sing bener bebarengan karo kanca saklompokmu!

Bijinen carane lungguh lan carane nyekel potelot, wis bener apa durung sarana menehi tandha centhang (√).

Jenengku : .....

Jenenge kancaku : .....

no.	sing dibiji	bener	salah
1	carane lungguh		
2	carane nyekel potelot		

Pasinaon 3: Ayo Makarya Mandhiri

Ing pasinaon loro bocah-bocah wis sinau bab carane lungguh lan nyekel potelot sing bener nalika nulis. Kabeh dhawuhe Ibu utawa Bapak Guru ing pasinaon mau aja nganti dilalekake.

Najan ketoke sepele, iku mono gedhe banget akibate tumrap kesehatan, utamane kanggo nguwatake balung (*tulang*). Aja nganti balunge dadi cacat amarga pakulinan lungguh sing ora bener. Semono uga, supaya tulisane bocah-bocah apik, mula olehe nyekel potelot uga kudu bener.

Ing pasinaon telu iki bocah-bocah bakal sinau bab aksara swara lan aksara sigeg.

Gladhen 1: Ngandeli aksara

Kandelana ceceg-ceceg ing ngisor iki manut tandha panahe!





Gladhen 2: Nyalin aksara

Udhalen manut aksarane!

Semaken tuladha ing ngisor iki banjur terusna!

tembung	aksara
sepatu	s-e-p-a-t-u
dolanan	.....
jamuran	.....
jaranan	.....
mituhu	.....

Gladhen 3: Nyalin ukara

Wacanen sing tliti, banjur salinen ing buku tulismu!

1. Kunthi budhal sekolah.

2. Bu Dewi tindak pasar.
3. Anggara mlayu-mlayu.
4. Tuku buku tulis.
5. Sinau basa jawa.

GLADHEN WULANGAN 2

A. Kandelana panulisane!

1. j a n a k a
2. t a r u n a
3. s i n a u m a c a
4. n u l i s j a w a
5. t u k u s e g a

B. Tirokna pangucapane!

1. Duwe pitik telu.
2. Rini kelas siji.
3. Bima tuku dhuku.
4. Kunthi lagi turu.
5. Bu Dewi tindak.

WULANGAN 3

KEGIATANKU

Kompetensi Dasar:

3.3	Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi teks deskriptif tentang anggota tubuh, pancaindra, wujud dan sifat benda, serta peristiwa alam dengan bantuan guru atau teman secara lisan dan tulis.
4.3	Menirukan secara lisan dan tulis teks deskriptif tentang anggota tubuh, pancaindra, wujud dan sifat benda, serta peristiwa alam.

Indikator:

3.3.1	Mencocokkan gambar sesuai dengan informasi yang didengar
3.3.2	Menjelaskan arti kata-kata sulit dalam teks.
3.3.3	Menjelaskan isi teks.
4.3.1	Menirukan pembacaan teks deskriptif
4.3.2	Menyalin teks deskriptif

Mbabar Wawasan

Semaken gambar ing ngisor iki!

Rembugen karo klompokmu!

Apa wae sing lagi ditindakake Rini lan bapak ibune?

Critakna nganggo ukaramu dhewe!

pasinaon 1

Modhel Teks Pinilih

Pasinaon iki ngrembug bab perangane awak, panca ndriya, wujud lan sipate barang, lan prastawa alam. Bocah-bocah bakal sinau kanthi bimbingane Ibu utawa Bapak Guru. Supaya bocah-bocah luwih gampang olehe sinau, mula bakal dikantheni gambar-gambar.

Ibu utawa Bapak Guru bisa paring arahan kepriye carane supaya bocah-bocah dadi luwih gampang olehe mangerteni pasinaon iki.

Semaken wacan sing diwaos Ibu/Bapak Guru!

Rini seneng banget *ndherek* ibu.

Piknik menyang *Kebun Raya* Purwodadi.

Rini numpak bis karo *rombongan.*

Ing kebun raya hawane adhem.

Ana *maneka warna tetuwuhan.*

Nalika mubeng-mubeng ana petugas sing nerangake jinise tetuwuhan.

Saka ngendi asal-usul utawa *habitat* asline?

Rasane kaya mung sedhela.

Rombongan nerusake piknik, menyang panggonan rekreasi liyane.

Gladhen 1: Isine wacan

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Rini ndherek ibu menyang endi?

   .....

2. Rini numpak apa?

   .....

3. Apa sing dideleng ing *Kebun Raya*?

   .....

4. Sapa sing ngeterake rombongan nalika mubeng-mubeng?

   .....

Kawruh sapala:

Kebun Raya

Kebun raya utawa kebun botani uga diarani taman botani yaiku panggonan kang ditanduri maneka warna jinise tetuwuhan. Perlune kanggo panliten lan konservasi. Saliyane kanggo panliten *kebun raya* uga kanggo papan rekreasi lan edhukasi (pasinaon)

Gladhen 2: Nggoleki tegese tembung

Tembung-tembung sing kacithak miring ing wacan dhuwur tulisen ing papan ngisor iki, banjur golekana tegese! Yen ora ngerti kowe kudu wani nyuwun pirsa Ibu utawa Bapak Guru!

No.	Tembung	Tegese
1	ndherek	
2	*kebun raya*	
3	piknik	
4	rombongan	
5	maneka warna	
6	tetuwuhan	
7	habitat	

Bocah-bocah, yen isih ana tembung sing durung kokngerteni tegese tulisen. Sabanjure nyuwuna pirsa Ibu utawa Bapak Guru!

Gladhen 3: Nyocogake gambar

Wacanen bebarengan!

Rini dipundhutake buku bapak.

Isine wacan bab perangane awak lan gunane.

Rini seneng maca.

Sing diwaca buku werna-werna.

Maca buku iku akeh gunane.

Bisa nambah kawruh lan kapinteran.

Mula Rini dadi bocah pinter.

Rini akeh kawruhe.

Wenehana tandha panah sing mathuk karo gambare!

ngambu

ngrungokake

ndelok

Pasinaon 2:

Ayo Makarya Bebarengan

Sadurunge sinau bebarengan, ayo dolanan!

Gawea klompok cacahe bocah 6.

Semaken carane dolanan, banjur tindakna karo klompokmu!

Barisa jejer-jejer gentenan saben klompok.
Salah siji bocah saka klompok liya tugas maca soal sing wis cumepak.
Upama soale" kanggo ngambu"
Klompok sing maju kudu nyekel perangane awak sing bener yaiku irunge. Ngono nganti soale entek. Klompok sing durung oleh giliran maju, tugase nyemak lan nyathet yen ana sing salah nyekel perangane awake. Klompok sing ora tau salah utawa sing paling sethithik salahe ya iku sing menang.

Aja lali yen dolanan kudu jujur!

Ora pareng nakal!

Ora pareng tukaran karo kancane!

Gladhen 1: Tirokna pamacane

Semaken tuladhane Ibu/ Bapak Guru, banjur tirokna bebarengan!

a. mripat



Iki arane mata utawa mripat.

Mripat kanggo ndelok sesawangan.

Mripatku ana loro.

Mripatku kudu dakjaga supaya tetep sehat.

Kepriye carane njaga?

Ora pareng cedhak-cedhak yen ndelok TV.

Maca buku kudu ing panggon sing padhang.

Kepriye cara liyane kanggo njaga kesehatane mripat?

Rembugen karo klompokmu, banjur tulisen ing kothak iki!

Carane njaga kesehatan mripat:

1. .....
2. .....
3. .....
4. .....
5. .....

b. kuping

Perangan awak ing gambar iki arane kuping.

Kupingku ana loro.

Kuping kiwa lan kuping tengen.

Kuping kanggo ngrungokake swara.

Kuping uga kudu dijaga.

Ngresiki kuping kudu ngati-ati.

Ora pareng ngresiki njerone kuping nganggo piranti sing landhep

Ngresiki kuping kudu direwangi ibu.

Utawa diresiki dokter THT (*Telinga Hidung Tenggorokan*).

Apa bocah-bocah tau priksa menyang dokter THT?

Kudune saben nem wulan sepisan.

Priksa menyang dokter THT.

Gladhen 2: Nerangake isine wacan

Wangsulana pitakon-pitakon iki!

1. Kuping gunane kanggo apa?

   .....

2. Nyapa ora oleh ngresiki kuping nganggo barang landhep?

   .....

3. Kapan kudu priksa menyang dokter THT?

   .....

4. Apa THT iku?

   .....

5. Setitekna gambar iki!



Gambar iki jenenge .....

Gunane kanggo .....

Carane njaga yaiku .....

6. Setitekna gambar iki!



Iki jenenge .....

Gunane kanggo .....

Carane njaga yaiku .....

Pasinaon 3: Ayo Makarya Sarana Mandhiri

Ing pasinaon sadurunge bocah-bocah wis sinau bab carane nulis sing bener. Kabeh dhawuhe Ibu utawa Bapak Guru ing pasinaon mau aja nganti dilalekake.

Gladhen 1: Nyalin wacan

Wacan ing ngisor iki tulisen ing buku tulismu!

Latihan Pramuka

Rini latihan pramuka.

Latihane saben dina Setu.

Wiwite jam sanga esuk.

Sing nglatih Bunda karo Ayahanda.

Rini seneng banget latihan pramuka.

Pramuka akeh gunane.

Gladhen 2: Nirokake maca

Tirokna carane maos Ibu utawa Bapak Guru!

Banjir

Desa Sidodadi keterak banjir.

Wong sadesa padha ngungsi.

Manggon ing papan sing luwih dhuwur.

Turune ing tendha-tendha dharurat,

bantuan saka masyarakat.

Siti sakanca ngendhangi karo menehi bantuan.

Miris banget sesawangane.

Akeh bocah cilik sing lara, amarga kadhemen lan kurang pangan.

GLADHEN WULANGAN 3

A. Wenehana tandha panah sing mathuk karo gambare!

1. ambune masakan



2. endahing kembang mawar

3. swarane radio

B. Wacanen sing tliti!

Longsor

Desa Munjungan keterak longsor.

Lemah longsor nutupi dalan.

Lemah longsor uga ngebruki omah.

Korban longsor padha ngungsi.

Ngungsi menyang omahe tanggane.

Siti sakanca ngendhangi karo menehi bantuan.

Miris banget sesawangane.

Akeh wong sing lara, amarga kebrukan lemah longsor lan omah.

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki adhedhasar wacan ing dhuwur!

1. Apa irah-irahane wacan ing dhuwur?
2. Sapa sing mbantu korban longsor?
3. Menyang endi wong Desa Munjungan padha ngungsi?
4. Kena apa akeh wong dadi korban?

WULANGAN 4
KULAWARGAKU

Kompetensi Dasar:

3.4	Mendengarkan, memahami, dan mengidentifikai teks perintah dan permintaan tentang kegiatan diri sendiri secara lisan dan tulis.
4.4	Melakukan perintah dan permintaan sederhana tentang kegiatan diri sendiri secara lisan dan tulis.

Indikator:

3.4.1	Mengidentifikasi kalimat perintah dalam teks
3.4.2	Mengidentifikasi kalimat permintaan dalam teks
3.4.3	Membedakan ciri-ciri kalimat perintah dan kalimat permintaan.
3.4.4	Menjelaskan isi teks.

Indikator:

4.4.1	Membuat kalimat perintah sederhana.
4.4.2	Membuat kalimat permintaan sederhana
4.4.3	Mempraktikkan kalimat perintah sederhana.
4.4.4	Mempraktikkan kalimat permintaan sederhana

Mbabar Wawasan

Semaken gambar ing ngisor iki!

Coba critakna isine gambar ing dhuwur nganggo ukaramu dhewe!

Ibu utawa Bapak Guru bisa paring motivasi marang bocah-bocah supaya wani crita ana ing ngarep kelas. Yen diperlokake Ibu utawa Bapak Guru bisa paring tuladha.

Pasinaon 1:

Pasinaon 1 iki bakal ngrembug bab ukara pakon lan ukara panyuwun. Kaangkah sarampunge piwulangan bocah-bocah bisa gawe ukara pakon lan ukara panyuwun kanthi migunakake unggah-ungguh sing bener. Ibu utawa Bapak Guru bisa paring bimbingan supaya bocah-bocah bisa luwih gampang olehe padha sinau.

Gambar-gambar sing wis cumepak kaangkah bisa gawe luwih gampang bocah-bocah olehe sinau.

Modhel Teks Pinilih

Semaken gambar ing ngisor iki, banjur wacanen sing tliti!

Rini karo Bima seneng banget.

Wis suwe ora sowan simbah.

Daleme simbah ana kutha Blitar.

Pekarangane amba.

Sorene bapak ngejak bocah-bocah resik-resik pekarangan.

Mbabati suket ana kebon ngisore wit blimbing.

Kabeh melu tumandang bebarengan.

Bapak dhawuh," Bim, suket sing wis dijeboli iku wadhahana glangsing!"

Bima njawab,"Nggih, pak."

"Ibu nyuwun tulung ya Rin, gedhang goreng ana pawon kae aturna bapak!"

"Inggih bu," sumaure Rini.

Jam setengah lima olehe tandang gawe wis rampung.

Kabeh banjur padha ngringkesi pirantine. Kebone simbah katon resik nyenengake.

Gladhen 1: Nerangake isine wacan

Wangsulana pitakon-pitakon bab isine wacan ing ngisor iki!

1. Apa sebabe Rini karo Bima seneng banget?

   .....

2. Daleme simbahe Rini karo Bima ana ngendi?

   .....

3. Sorene bapak ngejak Rini lan Bima nindakake apa?

   .....

4. Bima didhawuhi bapak nindakake apa?

   .....

5. Ibu nyuwun tulung Rini apa?

   .....

Gladhen 2: Nggoleki ukara pakon

Semaken sepisan maneh wacan ing dhuwur!

Tulisen ukara sajrone wacan sing kalebu ukara pakon ana papan sing wis cumepak ing ngisor iki!

Ukara pakon:

Bapak dhawuh, ”Bim, suket sing wis dijeboli iku wadhahana glangsing!”

Gawea maneh ukara pakon liyane!

1. .....
2. .....
3. .....
4. .....
5. .....

Gladhen 3: Gawe ukara panyuwun

Semaken sepisan maneh wacan ing dhuwur!

Tulisen ukara sajrone wacan sing kalebu ukara panyuwun ana papan sing wis cumepak ing ngisor iki!

Ukara panyuwun:

“Ibu nyuwun tulung ya Rin, gedhang goreng ana pawon kae aturna bapak!”

Gawea maneh ukara panyuwun liyane!

1. .....
2. .....
3. .....
4. .....
5. .....

Pasinaon 2:

Ayo Makarya Bebarengan

Ing pasinaon 1 bocah-bocah wis ngidhentifikasi anane ukara pakon lan ukara panyuwun. Mula ing pasinaon 2 iki bocah-

bocah bakal maragakake ukara pakon lan ukara panyuwun sing wis cumepak ing ngisor iki.

Ibu utawa Bapak Guru bisa paring arahan utawa tuladha kepriye carane maragakake ukara pakon lan ukara panyuwun iku kanthi lafal lan intonasi sing bener.

Gladhen 1: Maragakake ukara pakon

Wacanen sing tliti, banjur paragakna bebarengan karo kancamu!

Surti : Tulung tasku gawakna ya Rin!

Rini : Iya Sur, mengko takgawakne.

Surti : Matur nuwun ya Rin.

Rini : Padha-padha, Sur.

Gladhen 2: Maragakake ukara panyuwun

Paragakna bebarengan karo kancamu!

Dimas : Ana apa dik Bima?

Bima : Mas, aku nyuwun kembang ya.

Dimas : Kembang digawe apa, dik?

Bima : Digawa menyang sekolahan, mas.

Dimas : Ya wis kana njupuka.

Bima : Matur nuwun, mas Dimas.

Pasinaon 3: Ayo Makarya Mandhiri

Pasinaon 3 bakal ngejak bocah-bocah sinau gawe ukara pakon lan ukara panyuwun. Yen ana sing durung cetha, nyuwuna pirsa Ibu utawa Bapak Guru!

Gladhen 1: Gawe ukara pakon

Gawea ukara pakon kaya tuladha, sarana njangkepi ukara ing ngisor iki!

Tuladha: - Kunthi, klambi iki umbahen!

- Bal kae jupuken!

1. Dimas, sepatune .....!
2. ..... iku jaiten!
3. ..... kuwi wacanen!
4. Ayo, wedange .....!

Gladhen 2: Gawe ukara panyuwun

Gawea ukara panyuwun kaya tuladha, sarana njangkepi ukara ing ngisor iki!

Tuladha:

- Nyuwun tulung, aku gawakna buku ya!
- Rin, aku njaluk permene ya!

1. Mas, aku ..... jajane ya mas!
2. .....tulung, omahe saponana!
3. Bim, ... lawange tutupen!
4. Bu, kula ..... sangu!
5. Siti, aku sesuk .....buku cathetanmu!

GLADHEN WULANGAN 4

Wacanen sing tliti ukara-ukara ing ngisor iki! Sabanjure tulisen maneh ana papan kang wis cumepak!

1. Rin, tulung lampune urupna!
2. Dimas, cendhelane tutupen kabeh!
3. Mas, aku nyilih dolanane ya!
4. Bim, wis kana ndang muliha!

Ukara pakon:

1. .....
2. .....

Ukara panyuwun:

1. .....
2. .....

WULANGAN 5

PENGALAMANKU

KOMPETENSI DASAR	
3.5	Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi teks terima kasih, permintaan maaf, dan sikap kasih sayang dengan bantuan guru atau teman secara lisan dan tulis.
4.5	Menyampaikan teks ucapan terima kasih, permintaan maaf, dan sikap kasih sayang secara lisan dan tulis melalui bantuan guru
Indikator	
3.5.1	Mengidentifikasi ungkapan terimakasih yang ada dalam teks
3.5.2	Mengidentifikasi ungkapan permintaan maaf yang ada dalam teks
3.5.3	Mengidentifikasi ungkapan kasih sayang yang ada dalam teks
4.5.1	Membuat kalimat ungkapan terimakasih sederhana dengan bimbingan guru
4.5.2	Mempraktikkan penggunaan ungkapan terimakasih sederhana dengan bimbingan guru
4.5.3	Membuat kalimat ungkapan permintaan maaf sederhana dengan bimbingan guru
4.5.4	Mempraktikkan penggunaan ungkapan permintaan maaf sederhana dengan bimbingan guru
4.5.5	Membuat kalimat ungkapan kasih sayang sederhana dengan bimbingan guru
4.5.6	Mempraktikkan penggunaan ungkapan sikap kasih sayang sederhana dengan bimbingan guru

Mbabar Wawasan

Sapa sing kelingan nalika isih cilik?

Nalika kowe dadi murid taman kanak-kanak sekolah diterake Ibu.

Sinau diwarahi Bapak.

Mesam-mesem yen digodha mbah kakung lan mbah putri.

Nalika isih cilik rasane seneng banget, ditresnani simbah, bapak, lan ibu.

Mula awake dhewe ya kudu ngajeni.

Mituhu marang dhawuhe wong tuwa.

Eling-elingen pengalaman sing nate kokalami!

Pasinaon iki ngrembug bab pengalaman. Ibu utawa Bapak Guru bakal paring arahan kepriye carane supaya bocah-bocah mangerteni

pasinaon iki.

Semaken crita pengalaman sing diwaos Ibu utawa Bapak Gurumu iki, banjur tirokna pamacane bebarengan!

Pasinaon 1

Modhel Teks Pinilih

Plesir ing Pesisir Prigi

Saiki taun anyar.

Aku, Ibu, Bapak, lan mbak Rini dolan menyang pesisir Prigi.

Dalan sing dakliwati menggak-menggok lan munggah-mudhun.

Atiku seneng banget.

Weruh sesawangan endah ing sakiwa tengene dalan.

Jam 11 aku tekan Prigi.

Rame banget swasanane.

“Ayo dha mudhun, wis teka” dhawuhe bapak.

“Pak, kula kaliyan mbak Rini punapa angsal dolanan wonten pinggir segara?”

“Ya Bim, ning aja adoh-adoh.”

“Matur nuwun bapak.”

Aku karo mbak Rini banjur dolanan wedhi.

Nalika dolanan ora sengaja gambare mbak Rini dakrusakake.

“Sepurane ya mbak, aku ngrusakake gambarmu.”

“Iya dhi, ora apa-apa.”

Sawise cukup aku sakluarga mulih.

Kawruh sapala

1. plesir = dolan
2. pesisir = pinggir segara
3. weruh = ngerti/nyawang
4. sesawangan = pemandangan
5. wedhi = pasir
6. kawruh= pengetahuan
7. plesir = dolan
8. pesisir = pinggir segara
9. weruh = ngerti/nyawang
10. sesawangan = pemandangan
11. wedhi = pasir

Gladhen 1: Mangsuli pitakon isine wacan

Wangsulana pitakonan ing ngisor iki!

1. Kapan Bima, Bapak, Ibu lan mbak Rini dolan?

   .....

2. Olehe dolan menyang ngendi?

   .....

3. Kepriye dalan sing dilewati?

   .....

4. Jam pira tekane pesisir?

   .....

5. Gambare sapa sing rusak?

   .....

Gladhen 2: Nyritakake pengalaman

Semaken gambar lan tuladha ing ngisor iki!

Saiki mangsa liburan semester siji.

Aku karo Bima ngrewangi Ibu lan Bapak.

Resik-resik pekarangan omah.

Sukete katon dhuwur-dhuwur, amarga mangsa rendheng.

Dibabati bapak nganggo arit.

Saiki omahku katon resik lan tumata.

Critakna pengalamanmu nalika ngrewangi bapak utawa ibu wektu liburan!

Tulisen, banjur wacanen ana ngarep kelas!

Pasinaon 2: Ayo Makarya Bebarengan

Bapak tindak Surabaya.

Kondure mundhut dolanan.

Mobil-mobilan kanggo Bima.

Omah-omahan kanggo Rini.

Bocah loro rebutan omah-omahan.

Omah-omahane rusak.

Bima njaluk pangapura.

Tujune Rini ora nesu lan menehi pangapura.

Gladhen 1: Ngidhentifikasi atur panuwun

Ayo coba praktekna ing ngarep kelas karo kancamu sabangku yen bocah-bocah ngaturake panuwun!

Atur panuwun

1) marang kanca

2) marang wong sing luwih tuwa

Gladhen 2: Ngidhentifikasi nyuwun pangapura

Ayo coba praktekna ing ngarep kelas karo kancamu sabangku yen kowe nyuwun pangapura!

Nyuwun pangapura

1) nyuwun pangapura marang kanca

2) **nyuwun pangapura marang wong sing luwih tuwa**

3) nyuwun pangapura marang bapak utawa ibu

Pasinaon 3:
Ayo Makarya Mandhiri

Saiki bocah-bocah wis padha ngerti lan pinter kepriye carane nyuwun pangapura lan carane matur nuwun.

Gladhen 1: Nata tembung dadi ukara

Tatanen tembung ing ngisor iki supaya dadi ukara kang bener!

Tuladha:

pitakonan: nyuwun | sepura | Bima

wangsulan: Bima | nyuwun | sepura

1. buku | maringi | simbah

2. numpak | sepedhah | Rini

3. Pak Joni | ngapura | nyuwun

4. nyuwun | warah | Suminta

5. ayo | adik | momong

Gladhen 2: Medharake rasa asih

Kejaba medharake carane nyuwun pangapura lan matur nuwun, bocah-bocah bisa medharake rasa asih.

Tuladha:

(1) Rini	:	“Bim, ayo dakrewangi ngringkesi bukumu.”
(2) Ibu	:	“Rin, yen kesel lerena dhisik, ndhuk!”

Katrangan:

Ukara (1) medharake rasa asihe Rini marang Bima kanthi ngrewangi ngringekesi bukune.

Ukara (2) medharake rasa asihe Ibu marang Rini kanthi ngutus Rini leren dhisik yen kesel.

Ing ngomah, bocah-bocah mesthi tau ngrasakake rasa asih saka kulawarga. Coba saiki wedharna kanthi ukara.

Bocah-bocah bisa nyuwun diwarahi Kangmas, Mbakyu, Bapak, lan Ibu!

Garapan omah:

GLADHEN WULANGAN 5

A. Semaken gambar ing ngisor iki, banjur tulisen ukara atur panuwun utawa nyuwun pangapura sing mathuk!

ukaraku:

.....

ukaraku:

.....

ukaraku:

.....



ukaraku:

.....

B. Wacanen sing tliti!

Menyang Taman Kutha

Saiki dina Minggu.

Siti, Dimas, lan Kunthi ngampiri Rini.

Bocah papat wis semayanan arep dolan menyang taman kutha.

Taman kutha iku papane ora adoh.

Bocah-bocah mlaku karo geguyonan.

Tamane isih sepi, amarga pancen isih isuk.

Dimas nyemplung kolam iwak.

Siti ngelingake Dimas.

Dimas nyuwun pangapura.

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Apa irah-irahane wacan ing dhuwur?

   .....

2. Sapa wae paragane?

   .....

3. Kapan bocah-bocah menyang taman kutha?

   .....

4. Sadurunge budhal padha ngampiri sapa?

   .....

5. Kena apa taman kuthane sepi?

   .....

6. Kepriye ukarane dimas nalika nyuwun pangapura?

   .....

BAB 6

LINGKUNGAN RESIK, SEHAT LAN ASRI

KOMPTENSI DASAR	
3.6	Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi teks cerita tentang diri sendiri dan keluarga dengan bantuan guru atau teman secara lisan dan tulis.
4.6	Menyampaikan teks cerita tentang diri sendiri dan keluarga dengan bantuan guru atau teman secara lisan dan tulis.
Indikator	
3.6.1	Menyebutkan tokoh yang terdapat dalam teks cerita.
3.6.2	Menjelaskan isi teks cerita.
4.6.1	Menulis teks cerita sederhana pengalaman tentang diri sendiri.
4.6.2	Menulis teks cerita sederhana tentang keluarga.
4.6.3	Menceritakan teks tentang diri sendiri dan keluarga yang telah ditulis.

Lingkungan Omahku

Iki omahku.

Papan panggonane kulawargaku.

Omahku kudu dakjaga.

Supaya tetep resik lan asri.

Omah sing resik adoh saka penyakit.

Reresik omah iku minangka rasa syukur.

Syukur marang Gusti kang Maha Kuwasa.

Mbabar Wawasan

Semaken gambar ing ngisor iki!

Critakna isine gambar ing dhuwur nganggo ukaramu dhewe!

Apa sing ditindakake bocah-bocah ing gambar dhuwur?

Bocah-bocah apa tau nindakake pakaryan mau?

Apa sebabe omah kudu diresiki saben dina?

Pasinaon 1:

Modhel Teks Pinilih

Ngresiki Lingkungan Omah

Bapak, ibu, Rini, lan Bima arep resik-resik lingkungan omah.

Kabeh duwe tugas dhewe-dhewe.

Semaken pacelathon ing ngisor iki!

Bapak : ”Dina iki awake dhewe arep resik-resik lingkungan omah.”

Ibu : ”Iya bapak, apa wae sing kudu diresiki?”

Bapak : ”Bapak arep mbabati suket sing wis katon dhuwur kae.”

Ibu : ”Yen ngono ibu arep nyapu lan

ngepel jogan."

Rini : "Kula ngrencangi punapa bu?"

Bima : "Aku pak?"

Ibu : "Rini mbantu ibu nyapu latar ya?"

Bapak : "Bima mbantu bapak mbabati suket banjur mbuwang menyang tempat sampah."

Kawruh sapala

1. lingkungan = papan sakiwa-tengen
2. mbabati = mbacoki nganggo arit
3. katon = ketok
4. ngepel = resik-resik jogan nganggo kain sing ditelesi
5. jogan = lantai

Gladhen 1 : Maragakake pacelathon

Ayo, praktekna pacelathon kasebut ing ngarep kelas karo kancamu!

Gladhen 2 : Ngidhentifikasi paraga

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Sapa wae paraga ing wacan mau? Sebutna!
   .....
2. Apa sing ditindakake Bapak?
   .....
3. Bima mbantu Bapak apa?
   .....
4. Ibu nindakake apa?
   .....
5. Apa sing ditindakake Rini?
   .....

Gladhen 3 : Nyocogake gambar

Wenehana tandha panah saka tembung menyang gambar sing cocog!

1. nyapu latar

2. nyirami latar

3. nyidhuk banyu

4. nyapu jogan

Gladhen 4: Nata tembung

Tatanen tembung ing ngisor iki supaya dadi ukara sing bener!

1. Bima - latar- resik-resik

2. dina -bakti- iki- kerja

3. nyulaki - Rini -tamu- meja

4. Ibu - ana - masak – pawon

5. Sukete - bapak- dibabadi

Pasinaon 2: Ayo Makarya Bebarengan

Gladhen 1 : Maca wacan

Wacanen bebarengan kanthi bimbingan Bapak utawa Ibu Guru!

Gugur Gunung

Saiki dina Minggu.

Warga desa Sukamaju nganakake kerja bakti utawa gugur gunung.

Warga padha tangi esuk.

Kabeh ngumpul ing bale desa banjur senam dhisik.

Sawise senam warga nyiapake alat sing digawa.

Ana sing nggawa pacul, arit, sapu korek, gunting suket, lan garu.

Warga kerja bakti ngresiki uwuh, suket sing thukul dhuwur, lan got.

Semangat banget anggone resik-resik.

Warga ngerti yen karesikan nuwuhake kasarasan.

Gladhen 2 : Mangsuli pitakon isine wacan

Wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Warga ngendi sing kerja bakti?

2. Kapan warga gumregah tangi?

3. Apa wae sing digawa warga?

4. Ngresiki apa wae para warga?

5. Karesikan bisa nuwuhake apa?

Gladhen 3: Ayo nindakake kerja bakti

Kerja bakti bisa nyehatake awak. Obahe awak sing tumata/teratur bisa nyehatake awak. Njaga kesehatan bisa dilakoni bebarengan karo resik-resik sekolah.

Gawea klompok, saben klompok anggotane bocah 5 utawa 6. Saben klompok nduweni tugas resik-resik bagian sing wis ditemtokake.

Siapna piranti kanggo resik-resik. Wiwita kerja bakti salaras dhawuhe guru.

Gladhen 4: Pigunane piranti

Piranti ing gambar ngisor kanggo apa?



_____
_____
_____



_____
_____
_____

_____
_____
_____



_____
_____
_____

Pasinaon 3: Ayo Makarya Mandhiri

Sawise maca, ngerteni isine, lan nglakoni pegaweyan kerja bakti, coba critakna maneh apa sing wis koklakoni mau!

Gladhen 1: Nulis crita pengalaman

Tulisen apa sing wis koklakoni mau nganggo ukaramu dhewe!

.....

.....

.....

.....

.....

.....

Gladhen 2: Crita

Majua menyang ngarep kelas, banjur critakna/wacanen tulisanmu mau!

GLADHEN WULANGAN 6

Wacanen sing tliti!

Resik lan Asri

Omahe Kunthi pancen cilik.

Senadyan cilik nanging resik lan asri.

Akeh wit-witan lan kekembangan.

Pak Dewa iku bapake Kunthi.

Pak Dewa seneng marang tanduran.

Dene bu Sinta iku ibune Kunthi.

Bu Sinta senengane resik-resik lan nata omah.

A. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Apa irah-irahane wacan ing dhuwur?

.....

2. Kepriye kahanane omahe Kunthi?

.....

3. Sapa wae paraga ing wacan dhuwur?

.....

4. Sapa asmane bapak lan ibune Kunthi?

.....

5. Apa sing dicritakake ing wacan dhuwur?

.....

B. Tulisen isine wacan ing dhuwur nganggo ukaramu dhewe!

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

WULANGAN 7

SATO IWEN LAN KARANG KITRI

KOMPETENSI DASAR	
3.7	Mengenal dan memahami teks tembang dolanan.
4.7	Melagukan tembang dolanan.
Indikator	
3.7.1	Menjelaskan arti kata-kata sulit dalam teks tembang dolanan.
3.7.2	Menjelaskan isi tembang dolanan.
4.7.1	Menirukan tembang dolanan yang dicontohkan oleh guru.
4.7.2	Menyanyikan tembang dolanan.

Mbabar Wawasan

Semaken tembang ing ngisor iki!

Kucingku telu

Kucingku telu

Kabeh lemu-lemu

Sing siji abang

Sing loro klawu

Meong-meong

Takpakani lonthong

Atiku seneng

Kancaku ndomblong

Sawise nembangake lagu ing dhuwur, coba diwangsuli pitakonan ing ngisor iki!

1. Kucinge ana pira?

   .....

2. Warnane kewan mau apa wae?

   .....

3. Kepriye unine kucing?

   .....

4. Kucinge dipakani apa?

   .....

5. Sapa sing ndomblong?

   .....

Pasinaon 1:

Modhel Teks Pinilih

Tembang dolanan

Semaken tembang ing ngisor iki, banjur lagokna bebarengan!

Gajah-Gajah



Gajah-gajah
Kowe takkandhani jah
Mata kaya laron
Siyung loro kuping gedhe
Kathik nganggo tlale
Buntut cilik tansah kopat-kapit
Sikil kaya bumbung
Awak kaya lesung
Yen lumaku megal-megol

Gladhen 1 : Isine tembang dolanan

Wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Kepriye matane gajah?

   .....

2. Sing amba apane?

   .....

3. Apa sing kaya bumbung?

   .....

4. Kepriye buntute?

   .....

5. Kewan apa sing paling gedhe?

   .....

Gladhen 2 : Tegese tembung

Tegesana tembung ing ngisor iki!

tembung	Tegese
takkandhani	.....
gedhe	.....
ngganggo	.....
kaya	.....
megal-megol	.....

Pasinaon 2:
Ayo Makarya Bebarengan

Gladhen 1 : Nirokake tembang

Semaken lan tirokake tembang ing ngisor iki!

Kidang Talun

Kidang talun
Mangan kacang talun
Mil kethemil mil kethemil
Si kidang mangan lembayung

Tikus Pithi

Tikus pithi
Duwe anak siji
Cit cit cuwit
Cit cit cuwit
Si tikus mangani pari

Gajah Belang

Gajah belang
Saka tanah plembang
Nuk renggunuk

Nuk renggunuk

Gedhemu meh padha gunung

Gladhen 2 : Isine Tembang Dolanan

Wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Si kidang mangan apa?

   .....

2. Kepriye si kidang anggone mangan?

   .....

3. Sapa sing duwe anak siji?

   .....

4. Saka ngendi asale gajah belang?

   .....

5. Gajah belang gedhene sapira?

   .....

Pasinaon 3:
Ayo Makarya Kanthi Mandhiri

Bocah-bocah mesthi wis ngerti apa kuwi taman. Taman iku warna-warna isine, ana kembang mawar, kembang mlathi, lan ceplok piring. Taman iku katon edi peni lan asri. Tembange kaya ing ngisor iki.

Gladhen 1: Nembang tembang dolanan

Apalna tembang "Taman Sari" ing ngisor iki, banjur tembangna ing ngarep kelas!

Taman Sari

Iki taman sari
Tinanduran wit sarwasri

Ceplok piring manda kaki

Mawar menur lan melathi

Aja kokpethiki, aja kokundhuhi

Nyuda sri ning taman sari.

Gladhen 2: Isine tembang dolanan

Wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Apa judhule tembang mau?

   .....

2. Taman sari tinanduran apa?

   .....

3. Kembang apa wae sing ana taman?

   .....

4. Apa sebabe tanduran ora oleh dipethiki?

   .....

5. Apa sing nyuda asrine taman sari?

   .....

GLADHEN
WULANGAN 7

Wacanen sing tliti!

Menthok-Menthok

Menthok-menthok takkandhani

Mung solahmu angisin-isini

Bokya aja ndheprok

Ana kandhang wae

Enak-enak ngorok

Ora nyambut gawe

Menthok-menthok

Mung lakumu megal-megol gawe guyu

Saka tembang ing dhuwur, garapen apa tegese tembung-tembung ing ngisor iki!

1. takkandhani =
2. solahmu =
3. ndheprok =
4. nyambut gawe=
5. megal-megol =

Wangsulana pitakonan ing ngisor iki salaras karo wacan!

1. Kewan apa sing dikandhani?
2. Apa sing gawe isin?

3. Ana ngendi anggone ndheprok?

4. Enak-enak ngapa kewan mau?

5. Kepriye lakune?

Daftar Pustaka

Abikusna, 1996. *Widya Basa*. Surabaya: Ekspres

Atmodjo, S. Prawira, 1996. *Bausastra Jawa*. Surabaya: Yayasan Djojo Bojo.

Basuki, Widodo. 2004. *Medhitasi Alang-Alang KumpulanGeguritan*. Sidoarjo: Sanggar Zuhra Gupita

Jatirahayu, Warih dan Margono Notopertomo. *Pakartitama:Wayang Sebagai Sumber Pendidikan Budi Pekerti.* Klaten: CV Sahabat.

Tim. 1948. *Karti Basa*. Jakarta: Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan.

Kementrian Pendidikan Nasional. 2011. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan*. Yogyakarta: Balai Bahasa

Mangunsuwito, S.A. 2002.*Kamus Bahasa Jawa, Jawa-Indonesia.* Bandung: CV. YramaWidya.

Mardimin, Yohanes. 1987. *Sekitar Tembang Macapat*. Sala: Satya Watjana.

Ngafenan, Mohammad. 1995. *Paribasan, Bebasan, lan Saloka.* Solo: CV Aneka.

Nurgiyantoro, Burhan. 2000. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Padmosoekotjo, S, 1982. *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: PT. Citra Jaya Murti.

_____ 1953. *Ngerengan Kasusastra DJawa.* Jogjakarta: Hien Hoo Sing.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra DJawa*. Batavia:J.B. Wolter

Prawirodihardjo, S. 1980. Burat Sari. Surabaya: CV Citra Jaya.

PT. Pancaran Semangat Jaya. 1997. *Kalawarti Minggon Basa Jawa Panjebar Semangat*. Surabaya: PT. Percetakan Panyebar Semangat.

Saryono, Djoko. 2011. *Sosok Budaya Jawa:Rekonstruksi Normatif Idealistis.* Malang: Aditya Media Publishing.

Sasangka Sry Tjatur Wisnu. 2011. *Bunyi-bunyi Distingtif Bahasa Jawa.*Yogyakarta: Elmatera Publishing.

_____ 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa.* Jakarta :Yayasan Paramadina.

_____ 2010. *Unggah-Ungguh Bahasa Jawa.* Jakarta: Yayasan Paramalingua.

Sawali. 2005. *Bahasa dan Sastra Indonesia untuk SMP/MTs Kelas VIII*. Yogyakarta: PT Citra Parama Aji.

Sudaryanto (ed). 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

Sudaryanto & Pranowo (ed.). 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa.* Yogyakarta: badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.

Sulchan. 1991. *Serial Protokoler Contoh Praktis Pembawa Acara dan Pidato.* Surabaya: Mekar.

Suwardi. 1983. *Warisan Geguritan Macapat*. Jakarta: PN. Balai Pustaka.

Warsito, S. Mardi. 1978. *Kamus Jawa Kuna (Kawi) – Indonesia*. Ende Flores: Nusa Indah.